

NILAI-NILAI ETIKA SAJRONE SERAT SANA-SUNU KARYA YASADHIPURA II

Rio Astra

Pembimbing: Dr. Surana, S.S.,M.Hum

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Rioastra@mhs.unesa.ac.id

ABSTRAK

Naskah *Serat Sana-sunu* kalebu sawijine Sastra Jawa Anyar, sing ditulis nganggo aksara jawa lan nggunakake basa Jawa Anyar, Sajrone isine *Serat Sana-sunu* kasebut akeh banget sing ngandharake ngenani nilai-nilai Etika, Naskah iki minangka serat sing isine ngenani piwulangan kang becik cundhuk banget karo prinsip Agama, Etika urip bermasyarakat lan Etika kawicaksanaan urip.

Andharan kasebut nggambanke undherane panliten yaiku: (1) Kepriye wujud, Deskripsi, lan isi sajrone Serat Sana-sunu, (2) Kepriye Nilai-nilai Etika minangka prinsip beragama, Etika panguripan bermasyarakat lan Etika kawicaksanan urip sajrone Serat Sana-sunu karya Yasadipura II. Salaras karo undherane panliten mau. Tujuwan panliten iki yaiku: (1) Kanggo ngandharake wujud, isi lan deskripsi sajrone Serat Sana-sunu. (2) Ngandharake Nilai-nilai Etika minangka prinsip beragama, etika panguripan bermasyarakat lan etika minangka kawicaksanaan urip sing ana ing sajrone Serat Sana-sunu karya Yasadipura II. Karya seni jinis Tembang Macapat, bisa dideleng ngenani ekspresi pangrasa, pikiran lan imajinasi para penyair sing nyoba ngungkapake pangrasane kanthi wujud tulisan lan asil karya sastra.

Tembung-tembung sing wigati : Nilai-nilai Etika, Prinsip Bergama, Etika panguripan bermasyarakat, Kawicaksanan urip.

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Masarakat Jawa minangka masarakat sing akeh kabudayaan. Salah sawijine yaiku wujud kasusastran. Sastra yaiku wujud panguripane manungsa sing ana ing bebrayan agung. Sakliyane iku sastra uga manehi kaweruh sing jembar banget tumrap masarakat mligine masarakat jawa. Panyerat uga nduweni kekarepan tumrap pamaca lumantar asil karya sastra sing ditulissupaya bisa dirasakake lan cundhuk karo pamikire pangripta. Mula saka iku apa sing dadi pangrasa lan pamikire mau bakal mujudake sawijine karya sastra sing bakal diwaca karo masarakat. Anatarane masarakat lan karya sastra iku nduweni sesambungan sing ora bisa dipisahake amarga masarakat iku sugih kabudayan, Salah sawijine yaiku arupa kasusastran jawa sing wis ngasilake akeh reriptan karya sastra. Tuladhane kaya wujud reriptan kanthi wujud naskah. Wis tinulis nganggo aksara jawa basane uga maneka warna kayata nganggo basa jawa, basa kawi, basa sanksekerta lan liya liyane.

Kasusastran Jawa bisa kaperang dadi papat, Sing kapisan yaiku kasusastran Jawa Kuna, kasusastran Jawa Pertengahan, Kasusastran Jawa Anyar lan Kasusastran Mutakhir. Sastra jawa yaiku wujud pamikir sing diwedareke kanti wujud tulisan sing dadi mediane yaiku nggunakake basa jawa. Kasusastran jawa pertengahan sing ditandhai kanthi pangrembakane kidung. Kasusastran Jawa anyar sing ditandhai kanthi pangrembakane tembang Macapat. Kasusastran jawa *mutakhirsing* ditandhai kanthi nalika anane pengaruh saka unsur estetika Barat sajrone reriptan sastrane (Purnomo, 2013:79).

Kasusastran Jawa Anyar iku biyasane manut wektu pangrembakane sawijine reriptan sastrane, kayata Jawa anyar lan Iuwuh Jawa Pesisiran. Kasusastran jawa anyar pesisir tuwu luwih tuwa, yaiku ngrembakane nalika pmarentahane kasultanan Demak. Kasusastran Jawa Anyar ngrembaka nalika ing jamane kasultanan Pajang nganti tumekane kasultanan Surakarta lan Kasultanan Yogyakarta, kanthi pujangga kang pungkasan R. Ng. Ranggawarsita.

Sastrawan nduwensi peran aktif sajrone donyane karya sastra (Atmosuwito, 2010:09). Sejatiné serat yaiku sawijine warisan kabudayaan Indonesia sing nduwensi nilai-nilai kanggo manungsa sing ana ing alam ndonya. Yen diawas saka isine serat nyimpen informasi jaman mbiyen. Serat iku awujud karya sastra sing sipate nyimpen informasi sing isine ngenani sakabehe lumantar basa. Serat sing mujudake sakabehe tulisan tangan sing ngandharane para pamikire pengarang lan pangrasane manungsa ing jaman kebudayaan jaman biyen.

Salah sawijine rerpitan sastra jawa sing bakal ditliti minangka objek yaiku serat Sana-sunu karya Yasadhipura II, Isine bab piwulungan sing sesambungane karo ajaran bab agama lan etika. Naskah kasebut isine ngenani nilai-nilai etika sing ana sesambungane karo gambarane urip lan pamawase para leluhur ing jaman biyen kanggo manungsa sing urip ing masarakat, Anak putune. Budi pekerti iku uga sesabungane karo etika sing gegayutane karo wujud kapribadene sing apik.

Pangerten nilai iku sing duduhae sing dasar kanggo ngelakoni tumindak, nilai biyasane asring banget disambungake karo sawijine perkara apik, Sawijine bab bisa diarani apik yen ana gunane, ana regane lan nduwensi manfaat.

Conto-conto nilai yaiku kaya dene nilai sing bener, nilai disiplin, nilai tanggung jawab, nilai kaendahan, nilai etika, nilai moral, nilai religious, nilai tindak turut lan sak piturute. Nilai iku nduwensi sipat sing ide mula saka iku bisa diarani sing sipate abstrak (sing ora ana wujude) lan ora bisa dicekel karo panca indrane manungsa, ananging bisa diarani yen manungsa iku awujud objek nilai kasebut kaya dene nilai kelakuane utawa sipate ngenani nilai-nilai kasebut. Mula saka kuwi manungsa dindadekake minangka alat kanggo landasan, utawa motivasi sajrone kelakuan, sipat manungsa. Nilai yaiku sing nyritakake ngenani kauripane manungsa sing nduwensi makna kanggo manungsa kaya dene kanggo individu, masarakat, bangsa, lannegara. Anane nilai sajroning uripe manungsa sing bisa ndadekake timbul aksi utawa reaksine sahingga manungsa kasebut bisa nilai antarane nrima utawa nampik.

Etika yaiku sawijine cabang filsafat sing ngandharake ngenani nilai lan moral sing nemtokake sikape manungsa sajroning uripe, (Burhanudin Salam, 1997:1) Andhedasar andharan ing nduwur etika yaiku gambarake wujud kritis ngenani nilai lan norma moral sing nemtokake wujud sajrone sikap lan polahe manungsa nalika urip ing donya, bisa apik saka awake dhewe utawa kelompok. Mula saka kuwi etika kuwi wigati banget yen gelem nerapake kanthi cara bener amarga sajrone etika kuwi ilmu sing nyinaoni ngenani norma uripe manungsa yaiku moralitas. Pawongan sing

nduwe etika bisa diarani kepriye anggone ngelakoni tumindak nalika urip ana ing donya.

Masyarakat sing ora mangerten kepriye wigatine isine sajrone serat mesthi bae ora perduli apa sing dikarepake isine serat. Mula saka kuwi pamarentah uga nyengkuyung lembaga pamarentah wis katon usahane yaiku kanggo museum serat sing disimpen lan diramat kanthi temen. Serat dianggep barang sing wigati amarga bisa diarani asil saka pananggalane nenek moyang ing jaman kapungkur. Serat sing wis kalebu museum banjur dimenehi nomer karo inventarisasi, banjur ditulis ngenani karakteristik serat kanthi jangkep.

1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, mula panliten iki bakal dipunjerake ing patang prekara ing ngisor iki.

- (1) Kepriye wujud, deskripsi, lan, isi Serat Sana-sunu?
- (2) Kepriye Nilai-nilai etika minangka prinsip beragama, etika panguridan bermasarakat lan Etika kawicaksanan urip sajrone Serat Sana-sunu karya Yasadipura II?

1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar landhesane panliten lan punjere panliten ing ndhuwur, mula panliten iki nduwensi ancas kaya kang sinebut ing ngisor iki.

- (1) Kanggo ngandharake wujud, isi lan deskripsi sajrone Serat Sana-sunu.
- (2) Ngandharake Nilai-nilai Etika minangka prinsip bergama, etika panguridan bermasarakat lan etika minangka kawicaksanaan urip sing ana ing sajrone Serat Sana-sunu.

1.4 Paedahe Panliten

Panaliten iki nduwensi piguna sing akeh banget tumrap paneliti lan pamaca, kaya sing andharane ing ngisor iki.

1.4.1 Paedah kanggo panliten

Kantri paneliten *Serat Sana-sunu* iki, bisa menehi kawruh ngenani piwulungan sing becik. Kantri panliten iki uga bisa nyinaoni piwulungan sing kinandhut ing sajrone Serat Sana-sunu, mliline piwulang urip marang masarakat jawa supaya bisa dadi manungsa sing luwih becik tur luwih sampurna iku kudu mangeni bab etika.

1.4.2 Paedah kanggo pamaca

Bisa menehi gegambarane isine naskah marang pamaca, supaya luwih nggampangake pamaos nalika nyinaoni Serat Sana-sunu. Saka isine sing kinandhut supaya bisa nuwuhake pamaca ngenani kepriye

carane naskah lawas iku minangka sawijining karya sing sastra sing kudu kita uri-uri.

1.5 Watesane Panliten

Panliten iki ana wates-watese prekara kang ditliti. Anane prekara-prekara kasebut diwatesi amarga saka kurang rowane kawruh kang dinduwéni panliten. Wewatesan kasebut antarane yaiku:

- (1) Basa sajrone panliten iki nggunakake Basa Jawa Ngoko.
- (2) Wewatesan kaping pindho yaiku serat kang digunakake nganggo nilai-nilai etika..
- (3) Sumber dhata saka panliten iki gunakake naskah serat Sana-sunu. .

1.6 Panjlentrehe Tetembungan

Supaya ora kliru anggone ngerten tembung-tembung kang digunakake ing panliten iki, mula perlu diandharake wewatese tetembungan ing panliten iki. Tetembungan kang digunakake ing panliten iki yaiku.

1.6.1 Pangerten Naskah

Karya sastra sing awujud tulisan sing isine ngandhut ide, pangrasa, kapitayan, adat, kebiyasaan lan nilai-nilai sing wis lumaku sajrone masarakat nalika ing jaman biyen (Baried dkk, 1994:6). Umpamane gelem nyinaoni bab naskah akeh pesan moral utawa nilai-nilai etikane.

1.6.2 Teks

Informasi sing ana sajrone naskah (Baried dkk, 1994:6).

1.6.3 Etika lan pangertene

Etika yaiku sawijine cabang filsafat sing ngandharake ngenani nilai lan moral sing nemtokake sipate manungsa sajrone uripe utawa tumindhake sawijine masarakat lan lingkungan alam ing kene bakal tuwuhan sifat-sifat moral dasar saka kejnjurane. (Suseno, 2001:197).

1.6.4 Serat Sana-sunu

Serat sana-sunu kalebu karya sastra jawa anyar, sastra jawa iku ana sing anyar lan modern. Widati, 2001:23) Sastra jawa modern yaiku sastra jawa sing urip ana ing masarakat Jawa saiki, Anane sastra Jawa modern sing wis biyasane metu ana ing majalah-majalah sing nganggo basa jawa lan Subaldinata (1994:52) ngandharake yen karya sastra jawa iku dikarang ngnggunakake basa jawa kuna, tengahan lan jawa anyar, maneka warna karya sastra disebutake pustakane sing saiki wis dadi buku. Serat Sana-sunu iku arupa tembang macapat sing isine ngenani piwulangan marang

manungsa lan nduweni nilai-nilai kauripane ngenani manungsa urip ana ing donya, Serat Sana-sunu yaiku karya sastra sing dikanggo nalika taun 1819 Masehi. Pupuh pada sajrone Serat Sana-sunu :Pupuh Dhandahanghula, Megatrugh, Sinom, Kinathi, Mijil, Asmaradana lan Pucung. Karya-karya R, Ng. Yasadhipura II antara liyane : Serat Panitisstra, Serat Darmasunya Jarwa, Serat Arjuna Sastra lan liya-liyane.

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Metodhe panliten yaiku cara *ilmiah* kanggo ngolehake dhata kanthi tujuwan lan piguna tartamtu (Sugiyono, 2008:2) Supaya bisa dingerten apa kang dadi isine naskah kanthi ngngunakake saka panliten sing mlebu panliten kualitatif yaiku panliten ingkang njlentrehake kanti *rinci* lan sinusun gancaran, supaya bisa dimangerten gambaran kanthi cetha ngenani asile panliten. Ancangan panliten uga dinggunakake kanggo nggampangake tumindak panliten, sarta panliten kang bakal kalaksanan bisa salaras klawan pranatan-pranatan sing ana.

Panliten kualitatif sing dikarepake ing kene yaiku panliten kang nganggo methohe dheskriptif yaiku sawijine metodheingkang dianggo panliten kanyatan-kanyatan sing ana kaitane karo kasunyatan lan urip saben dinane panutur, saengga ingkang ngasilake awujud andharan. Kaya panliten umume, yen jinis panlitene *kualitatif* lan metodhene dheskriptif *kualitatif*. Kanthi *ancangan* dheskriptif *kualitatif* iki diajab bisa nggambarkake kanyatan saka objek panliten kanthi gamblang lan *objektif*.

Sakliyane ngngunakake metodhe Kualitatif lan metodhe deskriptif iku mau, metodhe liyane kang luwih khusus saka asil karya sastrane kanthi *pembacaan* lan *pemaknaan* sajrone *perspektif* hermeneutika diwujudake kanthi pangetrapane ngngunakake metodhe *hermeneutik* kang nengenake *aspek* penapsiran utawa interpretasi (purnomo, 2007:62).

3.2 Sumber Dhata Lan Dhata

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata minangka perangan kang wigati sajroning panliten, Miturut Lofland sajrone Moleong (2014:157) sumber dhata utama sajrone kualitatif yaiku sawijine ukara tumindak, lan dhata tambahan kayata dokumen-dokumen lan liya-liyane. Adhedhasar andharan kasebut dhata ing panliten iku sumber dhata yaiku sumber saka naskah koleksi perpustakaan Yayasan sastra lestari Surakarta.

Wujud naskah kang nduweni irah-irahan Serat Sana-sunu, naskah iki ditulis tangan kanthi ngngunakake aksara jawa banjur disalin ing latin, wujud gancaran, cacahe 179 kaca, naskah iki disimpel ing perpustakaan supaya bisa karumat lan ora ilang laras karo ngrembakane jaman.Tanpa anane sumber dhata ora bisa

ditindakake sawijing panliten, sumber dhata minangka asil saka cathetane panliti kang arupa fakta utawa angka.

3.2.2 Dhata

Dhata minangka babagan kang wigati lan dibutuhake sajroning panliten. Proses gawe pangumpulan dhata sajrone panliten kualitatif ora bisa dipisahake karo proses analisis (Purnomo, 2013:135). Sumber dhata kang dianggo panliten iki ana ing ngisor iki: Serat Sana-sunu iku uga jasane saka Khaji Yasadhipura II menggah isine, piwulang lampaha gesang Jawi Islam sing kabagi dadi 12 bab ; kaya dene : Kanggo manungsa sing urip ing donya kudu eling.

1. Yen tinitah dadi tiyang dening Allah.
2. Yen pinaringan sandang pangan.
3. Yen anggene golek sandang pangan iku kudu saka asil tangane dhewe.
4. Yen saka ndawuhe Allah kadawuhan Islam, manut kanjeng nabi Muhamad s.a.w.
5. Bab pangangga lan beriman.
6. Bab mlakune tiang mimtran, kekanchan, sasaminipun.
7. Bab mangan, turu, lumampah, kekesahan.
8. Bab angurmati tamu.
9. Bab anggone cecaturan lan wedale pikiran.
10. Bab dadi wong gedhe utawa wong cilik.
11. Bab sudane darajd lan gingsire wahyu, punapa sebabé.
12. Kudu njumerepi obahe osike djagat.

Piwulang saka 12 bab ing nduwur supaya kanggo gampangake tetembungan kanthi cetha kanggo kabeh wae sing gelem sinau bab piwulang isine serat Sana-sunu, dirangkepi piwulang iku saka serat Ramayana. (Poerbatjaraka, 1964:146)

Sakliyane iku sajrone Serat Sana-sunu iku isine yaiku tembang macapat kayata tembang Dhandhanggula, mijil, sinom, asmaradana, kinanthi, megatruh, dan pocung.

3.3 Instrumen Panliten

Miturut Sugiyono (2012:102) instrumen panliten yaiku sawijine alat sing gawe ngukur fenomena alam utawa sosial apa kang bakal diamati. Miturut Arikunto (2013:101) instrumen yaiku alat bantu kang dipilih lan dinggunakake panliti kanggo nglumpukake dhata supaya gampang lan sistematis.Panliten iki ngnggunakake instrumen anliten yaiku:

Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggone panliti nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud, (1) buku, buku

kang dinggunakake yaiku buku referensi kang gegayutan karo panliten lan buku tulis, (2) pulpen piranti kanggo nulis dhata lan bab-bab kang wigati kang gegayutan karo panliten, (3) laptop piranti kanggo proses ngetik dhata lan ngedit asile panliten. Saka dhata sing dimaksud ing nduwur iku dipilih kanggo nyengkuyung pangumpulan dhata ing panliten iki yaiku ngnggunakake kartu cathetan utawa kartu sing digawe nyatet ngumpulne dhata. Kartu cathetan sing digawe ngelumpukake dhata utawa nyathet bahan sing ana sesambungane karo topik panliten lan nyathet kapustakan.

3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara nglumpukake dhata yaiku supaya sadhar sing ditindakake kanthi *sistematis* saengga pangumpule dhata ditindakake kanthi urut supaya nggampangake panliti sajrone ngolah sumber dhata. Panglumpuke dhata sajroning panliten iki kanthi minggunakake cara maca, nyathet, lan *studi* kapustakan. Proses pangumpulan dhata sajrone panliten kualitatif ora bisa dipisahake karo proses analisis. (Purnomo, 2013:135). Sajrone panliten serat Sana-sunu iki, kang dadi insrumene yaiku panliti. Sakliyane iku uga teknik pangumpulan dhata sing disengkuyung karo teknik kartu dhata sing ditrapake kanthi nggawe cathetan tumrap *ide-ide* kang kepethik saka saperangan buku.

Teknik cathet yaiku teknik kanggo golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata. Tata cara studi kapustakan, yaiku tata cara kang dinggunakake kanggo nggoleki lan nintingi sawenehing buku minangka bahan pustaka kang dinggunakake kanggo sumber tinulis. Tata cara utawa cak-cakan kang dinggunakake kanggo nglumpukake dhata, yaiku:

1. *Serat Sana-sunu* minangka objek panliten diwaca banjur dipilih tembung-tembung sing cundhuk kaliyan metodhe konsep nilai-nilai etika, kang bakal diperang sing ana sesambungane kalihan etika minangka kawicaksanaan urip, etika panguripanbermasarakat lan etika minangka prinsip beragama. Banjur nggoleki perangan prakara kang pinunjul, supaya bisa nggampangake panliten lan pamaos mangeteni bab sing ana ing njero serat.
2. Nyathet, yaiku tata cara kanthi nyathet sakabehing pamerangan adhedhdasar teori kang dianggo, isih ana gegayutane kalawan panliten. Saliyane iku, tatacara nyathet dinggunakake kanggo nindakake cathet-cinathet marang dhata kang relevan, kang salaras marang sasaran lan ancas panliten.

3. Verifikasi lan validasi dhata iki dianakake kanggo masthekake yen dhata kang dipilih wis pener sadurunge dianakake tahap panliten sabanjure.

3.5 Tatacara Pangolahe Dhata

Sawise dhata Sajrone panliten iki ngngunakake edisi diplomatik kanggo nganalisis isi Naskah Serat Sana-sunu ngngunakake metode *hermeneutika* yaiku sing napsirake sakabehe apa sing ana njerone naskah. Tata cara pangolahing dhata ing panliten kanthi runtut sing bakal diandharake ing ngisor iki:

1). Deskripsi naskah

Naskah Serat Sana-sunu ditintingi kanthi cara ngandharake kahanan fisike naskah lan teks. Metode kang dinggunakake ing andharan iku ngenani metode deskriptif. Deskripsi naskah sing diandharake yaiku ngenani cacahé naskah, kahanan naskah, irah-irahane naskah, nomer naskah, lan liya-liyane kang ana ing sajroning naskah lan teks kasebut (Purnomo, 2007:56).

2) Transliterasi Naskah

Naskah Serat Sana-sunu iki transliterasi saka aksara jawa banjur diowahi dadi basa jawa latin. Transliterasi perlu banget ditindakake supaya gampang dimangerteni karo masarakat sing modern. Transliterasi wigati banget kanggo ngenalake naskah lawas sing ditulis nganggo aksara jawa, amarga akeh pawongan sing ora bisa maca utawa ora ngenal tulisan daerah (Baried, 1994:64)

Sawise dhata sing dikarepake wis kecekel, banjur dhata iku diolah kanthi cara metodhe kang trep. Sajrone panliten iki diandharake miturut paugeran lan tatanan sing awujud ukara-ukara lan tetembungan. Dhata ing kene yaiku wujud Tembang Macapat sajrone *Serat sana-sunu* anggitane Raden Mas. Dhata sing wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi cara dheskriptif. Dene cak-cakane njlentrehake dhata iki yaiku:

- 1) Milih data sing dinggunakake sajrone serat sana-sunu
- 2) Jlentrehake dhata.
- 3) Ngandharake apa sing dadi kekarepane paliten.

Didhokumentasekake sajrone wujud laporan panliten kang arupa skripsi.

3.6 Tata carane nyughuhake asil jlentrehane dhata

Tatacara panliten kanggo nyughuhake sajrone panliten iki, Asil njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata awujud laporan ngenani nilai-nilai etika sing ana sajroning serat Sana-sunu. Tatacara nyughuhake dhata asile panliten iki bakal disuguhake kanthi cara *informal*, yaiku:

- Bab I : Purwaka, isine ngenani landhesan panliten, underan panliten, tujuwan panliten, pedah panliten, wewatesan panliten, lan panjlentrehe tetembungan lan isine serat.
- Bab II : Ngandharake panliten kang saemper, konsep konsep ing panliten, lan lelandhesan teori
- Bab III : Metodhe Panliten, isine yaiku ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrumen panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara analisis dhata, tata cara nulis asile panliten.
- Bab IV : Pratelan saka asile panliten iki.
- Bab V : Panutup, kang isine dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

4.1 Nilai-nilai Etika sajrone Serat Sana-sunu karya Yasadhipura II

4.1.1 Irah-irahane Naskah

Sawijine naskah iku mesti nduweni irah-irahan, Saka irah-irahan kasebut bisa dimangerteni gambarani naskah isine iku kepriye lan saben naskah iku isine mesti beda-beda. Naskah sing nduwe irah-irahan contone kaya ing manggala, kalofon, utawa ana ing kalarone. Ana uga dumunung ana sajrone naskah, ananging ora nyawiji karo karo badane teks. Nemtokake irah-irahan sajrone naskah iku saben manngsa mangerteni isine, sing cetha kudu bisa didudut kanthi irah-irahan kanthi trep lan selaras. Purnomo (2013:263) njlentrehake, naskah lawas iku medharake irah-irahan naskah sajrone teks sumimpren. Irah-irahan naskah ingkang dadi *objek* panliten iki bisa dingertenipun andhedhasar manggalane naskah sing wujude tembang macapat kaya mangkene pethikane.

- (1) *Pan hiya mangsa bisaa,
ngepleki saréngat nabi,
ywa mangkana nora kena,
yen kinarsakken ing Widhi,
dadya mukmin sajati,
mung ta haywa kongsi kupur,
kang dèn kupurken sarak,
haywa pasèk haywa musrik,
réhning langip mung bisaa ing maksiyat.*

(Pupuh II Sinom :4)

Andhedhasar ing nduwur mau jlentrehake ngenani saperangan isine Serat Sana-sunu. Pethikan ing dhuwur ngandharake bab sing ana sesambungane yen ana manungsa iku amarga ana titahé Tuhan mula kudu melbu Islam, melu Kanjeng Nabi Muhammad SAW. Ora oleh ninggalake syariat utawa parentahé nabi kayata Sunah, Wajib wenang, lan mokal kudu usaha kanggo ngelakoni apa sing batal, karam, halal, musabiyah lan aja nganti

kelima rukun islam iku kudu wajib dilakoni yen dheweke iku mampu.

Sakliyane iku kanggo ngelingake para manungsa supaya ngelakoni ajarane nabi utawa rasul supaya gampang anggone urip ana ing masarakat lan selamet ana ing ngalam donya lan bisa luwih cedhak karo Gusti Allah, donya iku saya suwi saya ngalami owah gingsire jaman mula dadi pawongan sing mukmin sejati supaya ora gampang dibeda. Urip ana ing donya iki mesthi bae ana sing gawe urip yaiku Tuhan sing maha Agung, aja nganti nduweni sipat sing ora percaya anane Tuhan kuwi ngono kalebu wong sing kafir, urip ing donya namung ping pisan kudu ngelakoni tumindhak kang apik aja nganggo sakarepe dhewe apa maneh pawongan sing seneng maksiyat kuwi ngono kalebu wong sing ala.

Mula saka iku etika sajrone masarakat kuwi pening banget lan kudu diterapake sajrone lingkungan masarakat supaya gampang anggone sinau kanggo anak putune lan luwih mangertenih bab unggah-ungguh, ngurmati karo wong sing luwih tuwa, mangertenih papan panggonan endi sing apik lan endi papan sing ala, wong tuwa wajib menehi conto sing apik marang anake, tujuwane supaya kanggo nggampangake pendhidhikan nalika urip ana ing masarakat sosial. Wong sing luwih tuwa kudu nduweni peran sing paling wigati, supaya anak kasebut ora nganggo sakarepe dhewe sing dimaksud ora nduwe unggah-ungguh marang wong liya, kuwi sing perlu dijaga.

4.1.2 Panulise lan wektu panulisane

Panulis ngenani naskah bisa disebut nyalin naskah utawa bisa diarani dadi pangriptane naskah. sing dimaksud nyalin naskah kuwi bisa diarani naskah sing sadurunge wis ana banjur ditulis maneh. Dene saka pangripta naskah bisa diarani nduwe gagasan dhewe, asil saka karyane dhewe, tanpa niru reriptan liyane.

Ngenani Serat Sana-sunu iki minangka naskah sing asil saka karyane Yasadhipura banjur dipun salin maneh kalih Raden Mas Daiya sing biyene serat iki wujud nganggo aksara jawa disalin dadi wujud tulisan latin. Pethikan mau iku ngandharake yen pangripta Serat Sana-sunu asli Yasadhipura II kang dianggit kalih Raden Mas Daiya, kang diandharake ana ing perangan manggalane naskah uga katrangan wektu mudhune naskah ana ing manggala lan kolofone naskah. andharan ing ngisor iki:

Nalika ing dina Seasa Kliwon, tanngal 21 ing taun jumawal, ongka, 1933. (manggala)

Penget nalika rampung panurunipun dinten Selasa Wage, tanggal 18 Poso ing taun 1934. (kolofon)

Serat Sana-sunu, Serat Pawulang Kitab, Punika ingkang nyerat Raden Mas Daiya, Panyeratanipun ing dinten Senin ping I Wulan Siyam taun wawau ongka 180. (Daiya 2001:1)

4.1.3 Kahanan Naskah

Kahanan naskah Serat Sana-sunu iki kagolong naskah sing apik amarga wujude wis dadi buku, ing kene bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

1. Kahanan Tulisan Naskah

Serat sana-sanu ana 179 kaca sing kang ngnggunakake tulisan aksara jawa kang isine ngenani piwulang moral. Kaya dene moral pribadi, moral sosial lan moral agama. Papan panggone nyimpen, naskah iki ditemokake ana ing Perpustakaan Yayasan Sastra Lestari. Naskah sing wujude serat tembang macapat sing isine ngenani piwulangan marang anak lan manungsa.

Kahanan tulisan serat Sana-sunu isih ana sing cetha lan bisa kawaca senajan ana saperangan ana sing suwek. Tulisan sajrone serat Sana-sunu iki wujud ketikan

2. Wujude naskah

Naskah Serat Sana-sunu iki wujude tembang macapat. Isi saka wujude Tembang macapat sing ana ing sajrone serat Sana-sunu yaiku Dhandhanggula, sinom, asmaradana, kinanthi, megatrugh, pocung, mijil. Susunan pupuh lan cacahing pada sajrone Serat Sana-sunu miturut bab kang ana ing sajrone serat Sana-sunu, sakliyane wujude gancaran naskah iki isine kang maneka warna jinise kang bakal diperang miturut bab sing ana ing sajrone serat Sana-sunu, panaliti bakal ngandharake kanthi cetha kaya tuladha ing ngisor iki yaiku:

Tabel 4.1: Susunan Pupuh lan Pada Sajrone Naskah

No	Nama Pupuh	Jumlah pada	Jumlah larik
1.	Dhandhanggula	26	Rata-rata ana 10
2.	Sinom	40	9
3.	Asmaradana	37	7
4.	Kinanthi	39	8
5.	Dhandhanggula	27	10
6.	Megatrugh	30	5
7.	Sinom	28	9
8.	Pocung	33	5
9.	Dhandhanggula	34	34
10.	Sinom	31	9
11.	Dhandhanggula	38	10
12.	Kinanthi	41	6
13.	Dhandhanggula	40	10
14.	Mijil	36	6

Naskah serat Sana-sunu nduweni ukuran kang tartamtu lan cacahé uga ana. Ukuran, cacahé kaca sing ana ing sajrone naskah serat Sana-sunu diandharake kanthi cetha utawa gamblang sing ana ing ngisor iki:

Tabel 4.2: Ukuran Lan Cacahe Kaca Sajrone Naskah

No	Deskripsi naskah	Katrangan
1.	Judul naskah	Serat Sana sunu
2.	Panggon nyimpen naskah	Yayasan sastra lestari
3.	Panggon	Surakarta
3.	Nomor koleksi	1134
4.	Ahli ketik	Siswanti
5.	Tanggal wiwit	22 Agustus 2000
5.	Tanggal rampung	4 desember 2001
6.	Panyerat	Raden Mas Daiya
7.	Wekdal panyeratan	Senin ping I Wulan Siyam, taun wawu, ongka 180
8.	Cacahe kaca	179
9.	Panyerat asli	Kiai Yasadipura II
10.	Ukuran naskah	15 x 25 cm
11.	Kandele naskah	1,5 cm

4.2 Nilai-nilai Etika sajrone Serat Sana-sunu karya Yasadhipura II

4.2.1 Etika minangka prinsip bergama

Pangerten ngenani agama sing saya suwi saya ngrembaka ana ing ngendi bae, kaya dene sing bisa kita ngerteni nganti saiki, agama yaiku sawijine kapitayan sing isine ana norma utawa aturan-aturan kanggo nata kepriye sambungane manungsa karo sang hyang utawa sang maha kuwasa, mula saka iku norma utawa aturan-aturan iku sipate kekal. (Salam, 1997:179) Ngandharake yen saben agama iku ana umate, iku pawongan sing sepakat ngangkat utawa nunjuk pawongan sing dianggep nduweni ilmu utawa kawruh agama, kanggo dadi pengurus sing tegese bisa menehi tuladha kang apik kanggo sawijine umat sing beragama.

Saka pangerten ing nduwur ngenani bab kawruh agama mesthi bae saka penganute ana sing beda tujuwane utawa beda kapitayan. Kanggo jagani supaya ora ana konflik saben umat bergama ana sawijine aturan, ukum lan bab sing nyinaoni ngenani norma, kabeh iku perlu digawe supaya manungsa kuwi umume gelem manutparentah supaya dadi budayane nalika urip ing masarakat gelem ngurmati aturan.

Anane agama supaya manungsa kuwi mangerten iku aturan-aturan, ukum-ukum, norma-norma saben agama, kabeh iku digawe saka wujud pamikire manungsa utawa kesepakatan bareng, mula panulis barat iku umume sarujuk, yen agama iku bisa bisa dilebokne salah sawijine kabudayaan manungsa, pangerten kabudayaan ing kene, salah sijine ana konsekuensine / kesepakatane. Kebudayaan iku nduweni sipat : bisa berkembang, bisa ngalami owah lan ana pasang surute. Menawi agama dianggep minangkabagian saka kebudayaan, iku maksude yen agama iku dianggep minangka sawijine sing bisa dirubah utawa diowahi, diganti, digawe anyar, miturut perkembangane jaman utawa kebutuhane manungsa sing nganut marang agama kasebut. Pangerten kasebut nganggep agama minangka bagian saka kabudayaan, nanging iku kabeh ora disepakati dening agama islam.

Iki sing ndadekake prinsip. Islam yaiku agama saking Allah Swt, Sing ditrima marang Rasul-rasule Muhammad Saw, dadi ora agama bumi, sing sumbere saka pamikire manungsa utawa kacerdasane manungsa. Ajaran saka agama islam ora asil saka keahlian manungsa, ananging sing bener yaiku Tata tertib sing ngatur sambungan lan kapribaden anatarane manungsa minangka hamba sing ndadekake, yaiku Allah Swt. Sambungane sing sipate vertical, ora drajad: ana hamba jenenge manungsa, lan ana sing memperhamba, yaiku Allah Swt

4.2.2 Yen tinitah tiyang dening Allah

Syariat yaiku dalan sing kudu dilakoni para manungsa kanggo dalan tumuju marang sing gawe urip, ing kana ana ukum utawa peraturan kanggo manungsa supaya uripe iku aman. Menawi yen Taqwa iku istilah sing ngenani kapitayan yen Gusti Allah iku ana, taqwa iku nduweni maksud ngadahi kaliyan barang sing sipate ala. Sakliyane iku ajaran yaiku sawijining konsep sing wis diwulangna. Piwulang marang wong jawa yaiku pawongan sing wis ngelakoni nilai-nilai kaluhuran moral sing ana ana ing sajrone pemikir-pamikir ngenani ajaran moral sing apik miturut sawijine bangsa. Budi pekerti yaiku bageyan saka etika utawa kapribaden sing apik.

Manungsa kudu nyembah marang sing gawe urip. Sakliyane iku manungsa ora oleh sombong ing fitrah minangka manungsa. Berguru marang Allah lan kudu percaya ngenani panguwasane Allah. Bertaqwa lan ngelakoni apa bae sing wis dianjurna marang agama. Menawi kita saged bertaqwa kita bisa luwih cedhak kaliyan sing gawe urip sahingga kita bisa selamet donya lan akhirat.

Manungsa kudu ngelakoni apa sing dadi kewajibane manungsa nalika yen isih urip ana ing donya, Supaya manungsa kuwi uripe nduweni piguna kanggo wong liya

lan becik kanggo awake dhewe dadi urip ana ing ngalam donya kuwi uripe nduweni piguna marang liyan. Contone kaya ing ngisor iki.

*Saréngat lakuning badan,
tarékat lakuning ati,
kakékat lakuning nyawa,
makripat ing lakunèki,
ing rasa dèn pakeling,
kawruhana lakunipun,
nanging aja atilar,
ing saréngat lakunèki,
yèn tilara nora kuwat badanira.*

*Pan hiya mangsa bisaa,
ngepleki saréngat nabi,
ywa mangkana nora kena,
yen kinarsakken ing Widhi,
dadya mukmin sajati,
mung ta haywa kongsi kupur,
kang dèn kupurken sarak, h
aywa pasèk haywa musrik,
rèhning langip mung bisaa ing maksiyat.*
(Pupuh II Sinom : 3-4)

Saka pethikan ing nduwur ngelingake para manungsa supaya ngelakoni apa sing dadi ajarane agama Islam supaya gampang anggone donga lan luwih cedhak karo Gusti Allah, syariat yaiku tumindak kang badaniah, menawi tarekat yaiku dalan sing menehi petunjuk kang bener supaya manungsa ora salah, tarekat uga bisa diarani badaniah, Hakikat bisa diarani yaiku olah nyawa lan olah raga, kabeh kuwi sing kudu dimangertenii caracarane anggone ngelakoni para manungsa khususe agama islam. Syariat ora bisa keri amarga bisa ndadekake manungsa kuwi ngelokro, mesthi bae manungsa ora bakal nandingi syariate Nabi, iku sing dilarang lan manungsa uga durung mampu, nanging menawa bisa dheweke sing wis takdirna Allah dadi mukmin sing sejati utawa wong sing bener-bener percaya kaliyan Gusti Allah. Wong kuwi kudu nduweni dhasar Agama supaya uripe kuwi selamet donya akhirat. Amarga manungsa kuwi dhasare namung lemah banget. Amarga manungsa isih gampang banget kenek godaan sing sering ngelakoni dosa. Menawi manungsa amung ngelakoni maksiat dheweke donga lan ngakoni apa keluputane isih bisa diampuni dosane marang Gusti Allah.

Wong kafir iku biyasane nyembah berhala, apa dosane wis diampuni, kamangka wong sing gelem taubat banjur njaluk ngapura marang Gusti Allah dosane bisa bae dingapura, menawi isih tetep ngelakoni kewajiban sing ora bener kaya nyembah berhala mau bakal ana musibah sing bakal nemoni. Syariat yaiku wujud

panggonane wong sing sopan, santun, aja nganti diingga, sopan santun kuwi perlu nalika urip ana ing masarakat, ana bae pawongan ngerti pawongan sembayang iku malah dingguyu, wong iku biyasane kesurupan setan, kamangka ora dheweke dhewe sing ora ngelakoni, ana uga sing ngelakoni sembayang nanging senengane isih seneng ngerasani, ngomong sing elek, nyepelekne liyan.

4.2.3 Etika Panguripan Bermasyarakat

. Sajrone masarakat jawa iku ana sing nemtoakake pola pergaulan sajrone masarakat. Kaping pisan ngandharake saben manungsa nalika ana kumpul kudune nduweni sipat tata krama supaya ora ndadekake perkara. Kaping loro manungsa nalika ngomong kudu nduweni sopan santun marang wong liya, ora namung iku bae kudu nggatekake kedudukane manungsa kasebut. Kaping pisan iku ngandharake ngenani sipat rukun, kaping loro yaiku ngandharake ngenani sipat urmat.

Sing kudu dilakoni kanggo masarakat nalika interaksi, kanggo anak sing bakale urip ana ing masarakat kudu bisa nerapake ngenani sipat urmat lan rukun. Prinsip kaloro iku sing kudu dilakoni menawi ngrembug ngenani prinsip rukun yaiku nduweni tujuwan kanggo jaga masarakat supaya uripe iku ayem tentrem. Yen prinsip urmat yaiku sing dimaksud nalika cecaturan kalih wong liya kudu nduweni sipat unggah-ungguh kaya dene basane, kelakuane lan liya liyane.

Ngrembug ngenani etika iku uga ana sesambungane karo prinsip urmat. Peran sing gedhe banget nalika interaksi kaliyan masarakat. Yen kita arep ngadepi marang pawongan sapa bae kudu nduweni sipat ngurmati, kudu bisa jaga omongane marang wong liya, sing paling utama marang sing luwih tuwa kudu nduweni unggah-ungguh nek bisa kudu dibasani.

4.2.3.1 Ngelingake marang kita sawijine umat beragama

Wong urip ing ngalam donya kuwi kudu mangertenii, kita diciptakne Allah dadi manungsa sing nduweni akal lan pikiran mula saka kuwi wajib ngucap rasa syukur marang ngarsanipun Allah, lan kita kudu pasrah marang sing gawe urip, sing perlu dimangertenii kita bakal mati kapan ora bisa dimangertenii, kudu ngelakoni apa sing wis diparentahake Allah. Wong Jawa kuwi kudu nerapake tradhisi kayata sopan marang pawongan sing luwih tuwa mula saka kuwi tumindake manungsa kudu mangertenii endi sing becik karo endi sing ala. Mula saka kuwi sikap urmat kudu diterapake awit saka cilik lumantar pendhidhikan kulawarga. Kayata pethikan ing serat Sana-sunu dhandhanggula sing ana ing ngisor iki.

'Awignam astu namasidhi,

*sinidaa déra sang murbèngrat,
kang anglimputi saraté,
déné ulun mangayun,
makirtya ring kanang palupi,
lepiyan kang supadya,
dumadya wuwuruk,
ing sutra wayah priyawak,
siungkalan Sapta Catur Swarèng Janmi,
janma nis kumadama.*
(Pupuh I Dhandhanggula : 17).'

Saka pethikan ing nduwur kuwi ngandharake dadi manungsa aja nganti nduweni napsu sing linuwih, eling wong urip ana ing donya kabeh jagad raya iki, kabeh amung titipan, sakliyane iku uga kudu ngelakoni apa sing wis dadi parentahe Gusti Allah, aja seneng ngarepake kanca yen dheweke bisa ngelakoni, dadia manungsa sing nduweni piguna marang liyan sing bisa dadi panutan lan pituduh kanggo pawongan sing mbutuhake pitulungan, pawongan sing ngelakoni tumindhak kang becik pawongan iku bakale dadi bahan guneman sing nduweni piguna marang masarakat. Dadi manungsa iku kudu dadi tuladha sing apik marang wong liya sing paling wigati menehi tuladha marang wong liya kayata ngenani adab sopan santun, pendhidhikan moral, tata krama lan iya-liyane

4.3.1 Nilai-nilai Etika minangka kawicaksanan urip

Nalika kita sesrawungan kaliyan kanca kudu bisa milih kanca sing tumidake iku apik lan kudu bisa milih sing nduwe pikiran luwih ngarah sing positif, nalika sesrawungan ora usah mikir untung rugi utawa kita kekancanan namung mikir pigunaake gawe kepeningan. Gunane milih kanca supaya ora gawe dampak negatif kanggo kita lan kita kudu bisa mawas diri.

Tembang Macapat Asmaradana, pengarang Yasadipira nduweni maksud pangeling-eling kanggo manungsa supaya yen wong sing kerjane tekun temenan kuwi wong sing nduweni ilmu, lan kudu meguru karo wong sing nduweni ilmu sing linuwih, kudu takon sing sekirane durung bisa, menawi diwuruki wis bisa aja rumangsa bisa utawa keminter, manut kanggo ngormati karo gurune. Tuladhané kaya sing nek ngisor iki.

*Ywa pijer ngeling-ngelingi,
ing kitab nora rinasa,
ewaleré arang kanggo,
miwah yén sira mamaca,
ing Surti Nitipraja,
Sewaka sasaminipun,
wulangrèh Panitisatra.*
(Pupuh III Asmaradana : 3-5)

Adhedhasar pethikan ana ing nduwur ngandharake supaya manungsa kuwi sadar, kebecikan lan kamulyan kuwi bisa diiwiti saka manungsa wiwit lair ing donya nganti seda, ora amung kuwi wong nekuni ilmu ora amung maca bae nanging uga mangertení apa sing dadi kekarepane isine kitab. Menawi pawongan sing berilmu mangertení makna panguripan nganti bisa dirasakna, lan ngertení apa sing dadi larangane, kaya barang sing ala ora perlu ditindakake, yen isih kurang cetha aja nganti isin anggone takon amarga wong gak ngerti iku kudu takon aja nganti rumangsa pintar. Tujuwane supaya manungsa kuwi sadar nalika ngelakoni tumindhak kang becik iku bakale oleh kamulyan, nalika maca khitab Nitisruti, Nitipraja, Sewaka, Wulangreh, Panitisatra, Asthabrata dan kitab lawas bahasa Jawa Kuna, gak kudu ditembangne sing kirane nduweni piguna, wong jaman saiki akeh wong sing kakehan setilah kanthi suwara sing mangalun, ngombak, nganti cara nutup *ketajaman* rasa. Wong saiki sing kakehan setilah kuwi ya ana gunane nanging namung sakithik, manfate yaiku ngelagokake luwih cepet supaya suwarani ora hambar dirungonkake, ananging ora oleh kliru kudu ngnggunakake rasa sajrone ati.

Yen wis urip bermasyarakat iku uga nduweni sipayngormati marang pawongan liyane, kudu bisa jaga unggah-unggal, nalika cecaturan ngnggunakake basa sing apik tujuwane supaya anggone bersosial kuwi luwih gampang banget ditrima. anggone bergaul uga aja seneng bedhak-bedhakne kaya dene endi sing sugih lan endi sing ora mampu, nek miturut sing ngelakoni kuwi apik tur ana pigunane ora dadi masalah anggone kekancan. Urip rukun iku enak, aja nganti rumangsa yen dheweke iku paling apik sing paling wigati kudu bisa ngelakoni apa sing dadi kewajibane dhewe-dhewe ora ngerugikna masarakat utawa tangga teparone.

4.3.2 Pitutur sajrone Serat Sana-sunu

Piwulang yaiku sawijining pangupayane wong tuwa marang anak utawa wong sing isih nom kanthi sengaja kanggo Sing rewangi pangrembakane Nilai jasmani lan rohani supaya aweh paedah kanggo awake lan wong liya. Piwulang ngenani moral kuwi wigati banget. Sawijining manungsa utawa bangsa sing wis morale rusak, mula kahanan sing adem, ayem, tentrem, bisa ilang.

Moralitas iku nduweni makna bisa ngandharake tumidake para manungsa bener utawa salah, becik apa ala. Dadi morale manungsa bisa dinile saka tumidake para manungsa. Manungsa bisa diarani morale apik yen tumidake kaya sing dituntut dening paugeran sing ana ing bebrayan.

Serat Sana-sunu yen ditiningi saka isine ana sing ngandhut pitutur luhur, yaiku awujud piwulang moral, sing bisa diperang dadi 3, yaiku ngenani piwulang moral pribadi, moral sosial, lan moral agama.

Saka tembang Dhandhanggula pupuh 05 iki ngandharake kagem sapa bae supaya ngelakoni apa sing dadi aturane agama kayata pethikan ing ngisor iki ing ngisor iki.

*Haywa karem asabèng wanadri,
haywa kerm asabèng samodra,
kali-kali sasaminé, akèh bencananipun,
pira-pira ngadat kang uwis,
wong karem las-alasan,
ing wasananipun,
asring amanggih tan harja,
myang ing kali-kali akathah tan becik,
dèn émut haywa lupa.
(Pupuh V Dhandhanggula)*

Manungsa kuwi asring banget dielingna ora oleh dolan ing alas, segara lan gawan, amarga akeh banget sing ndadekake malapetaka, kaya gawan-gawan iku uga kalebu, iku ya gak apik, ora oleh pamer kesaktian, ilmu kebal, ilmu jagoan, lan ilmu kekiatan laine iku ora gawe manungsa luwih cedhak marang ngarsanipun Gusti Allah. Ilmu sing sipate lahiriah iku bisa ndadekake manungsa dadi sompong, salah sawijine yaiku ilmu sihir, amarga sipat ilmu kaya mangkana gak mangunah, (nduweni kaluwihan ananging ora cunduk kaliyan imane), ora wujud keluhuran lan ora wujud mukjizat. Mula saka kuwi wong sing pengen nduweni linuwih kuwi nyinauni ilmu sing kaya mangkana. Kapitayan marang Gusti Allah iku wis kebal banget, atine wis ora ana rasa mangu-mangu.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Saka wawasan dhata kang kaatur ing undherane rembug bisa kadudut adedhasar analisis dhata. Asil analisis dhata sajrone panliten yaiku ngenani deskripsi naskah, isi naskah, kepriye unsur piwulangan Nilai-nilai Etika sing ana ing sajrone Serat Sana-sunu karya Yasadipura II, banjur diandharake ngenani Bab Nilai Etika sing ana sesambungane karo Nilai Etika minangka prinsip bergama, Etika panguripanbermasarakat lan Etika minangka kawicaksanaan urip.

Naskah sing ditliti iki yen kawawas saka isine yaiku ngandharake ngenani bab Etika sing isine ngenani piwulangan marang manungsa supaya gelem ngelakoni tumindhak kang apik banget kaya dene nalika urip ing masarakat kudu nduweni etika utawa unggah-ungguh supaya diurmati marang wong liya. Kayata kepriye

anggone anak ngurmati marang wong sing luwih tuwa. Nilai moral sing ana ing sajrone serat Sana-sunu yaiku bab Angurmati Tamu, Yen saking ndawuhe Allah kadawuhan Islam, manut kanjeng Nabi Muhammad Saw. Urip ing donya kuwi kudu nerapake etika supaya cetha bab unggah-ungguh lan bisa bedhakake bab Dadi wong gedhe utawa wong cilik, Menawi ngerembuk ngenani seppiritual, anane manungsa ing alam donya iki amarga wis ditakdirake kaliyan Allah, mula saka kuwi manungsa kudu manut apa sing dadi parentahe lan aturane supaya bisa ngelakoni ajaran sing digawa kaliyan rasulullah kanthi temenan, mudhune derajad lan owahe wahyu iku sesambungane manungsa kaliyan manungsa: golek sandhang pangan kang nggunakake tenagane dhewe, namu kanthi cara sing apik lan sopan, cara narima tamu kanthi ramah, anggone kakancanan sing apik, larangan kanggo manungsa sing ora jujur, cara jaga pacaturan lan kelakuan, Piwulangan kanggo manungsa supaya gelem nyambut gawe, urip bareng kudu padha nyengkuyung, kudu ngati-atи nalika nindakake pakaryan lan kudu waspada.

Nilai-nilai Etika isih relevansi menawi diterapake karo kahanan manungsa ing jaman saiki amarga isine ngenani piwulangan Etika lan moral sing ana sesambungane kaliyan Nilai Etika minangka prinsip bergama, Etika panguripan bermasarakat lan Etika minangka kawicaksanaan urip. Sing paling wigati yaiku kudu bersyukur marang ngarsanipun Gusti Allah. Urip ana ing alam donya kudu sadar marang keluputane dhewe amarga akeh manungsa sing rumangsa yen dheweke iku sing paling bener lan seneng goleki kaluputane wong liya kango nutupi kaluputane dhewe. Mula saka kuwi ing naskah serat iki dianjurna supaya sadurunge nindakake pakaryan kuwi kudu donga ndisik.

5.2 Pamrayoga

Panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil kang luwih apik. Sastra jawa kang ngrembug wiwit jaman kuna nganthe jaman saiki menawi dikaji isine iku nduweni pesan moral banget kanggo masarakat amarga akeh banget fungsine. Sastra jawa, mliline sastra lami, sing dikarepake yaiku bisa mangerteni babagan isine serat sing nduweni nilai bab piwulangan Moral, Piwulangan Agama lan Piwulangan Sosial iku kabeh ana manfaat nalika urip ana ing masarakat. Sastra kuwi wigati banget kanggo masarakat amarga bisa menehi kaweruh utawa pituduh supaya mangerteni ngenani bab piwulangan sing sebenere kaya dene tumrap solah bawane lan undha-usuking basa marang masarakat ing jaman saiki. Kang nliti naskah kasebut bisa diajab supaya bisa bisa nglesterekake karya sastra jawa supaya ora ilang laras karo ngrembakane

jaman, sarta bisa menehi ide kang anyar nalika nyiptakake wujud karya sastra.

KAPUSTAKAN

Aminudin. 2010. Stilistika: *Pengantar Memahami Bahasa Dalam Karya Sastra*. IKIP Semarang Press.

Arikunto, S. 2013. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Baried, Siti Baroroh, dkk. 1983. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bangsa.

Hadi W.M, Abdul. 2004. *Hermeneutika Estetika dan Religiusitas*. Jakarta Selatan: Sadra Internasional Institute.

Hadiman, F Budi. 2015. *Seni Memahami*, Depok: PT Kanisius.

Ibrahim, Abdul Syukur. 2009. *Metode Analisis Teks dan Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Belajar

Kumitir, Mas. 2008. Serat Sana Sunu : Pupuh 01 Dhandhanggula. (*online*), (diakses dari <http://alangalangkumitir.wordpress.com/2008/04/serat-sanasunu/> pada 15 Januari 2018)

Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Purnomo, Bambang S. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama. Sebuah Pengantar Ringkas*. Surabaya: Bintang

Purnomo, Bambang S. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama. Sebuah Pengantar Ringkas*. Surabaya: Bintang

Poedjawiyatna, 2003. *Etika Filsafat Tingkah Laku*. Jakarta: Rineka Cipta

Ratna, Nyoman Kutha. 2016. *Stilistika Kajian Pustaka Bahasa, Sastra dan Budaya*.Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Ricoeur, Paul. 2006. *Hermeunetika Ilmu Sosial*. Bantul: Kreasi Wacana Offset

Suseno, Frans Magnis. 1988. *Etika Jawa: Sebuah Analisa Falsafi Tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: Gramedia

Salam, Burhanuddin. 1996. *Etika Sosial Asas dalam kehidupan manusia*. Bandung: Rineka Cipta

Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa

Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara

Sugiyono. 2008. *Meode penelitian kuantitatif, kualitatif*. Bandung: Alfabeta

Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

Tim Penyusun Balai Bahasa Yogyakarta. 2001. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT Grimukti Pasaka

Widati, Sri et al. 2001. *Iktisar Perkembangan Sastra Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Zoetmulder, P.J. dan S.O. Robson. 2004. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia*. Jakarta: PT Gramedia.